# ÓZGESHE DAWSI MENEN KEWILLERDEN ORIN ALǴAN BIBIRABA 1946

Ózbekistan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı

“Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler kafedrası”

Kórkem ónertanıw qániygeligi

3-kurs studenti **Muratbaeva Rayxan**

Ilimiy basshı: **Kamalova G. M.**

**Annotaciya:** Bul maqalada Qaraqalpaq xalqınıń súyikli perzenti óz dóretiwshilik jolı atqarǵan qosıqları menen xalqımız kewlinen orın alǵan insan Bibiraba Ótepbergenova haqqında maǵlıwmat beriledi.

**Tayanısh sózler:** mádeniyat kúnleri, xalıq qosıqları, kórik tańlawlar, mektep, shákirt, ıqlasbent, dekadalar.

**Аннотация:** В данной статье представлена информация о Бибирабо Утепбергеновой, любимой дочери каракалпакского народа, завоевавшей сердца нашего народа своими творческими стихами.

**Ключевые слова:** дни культуры, народные песни, конкурсы, школа, ученик, энтузиаст, декады.

**Annotation:** This article provides information about Bibiraba O'tepbergenova, a beloved daughter of the Karakalpak people, who has won the hearts of our people with her songs.

**Key words:** culture days, folk songs, competitions, school, student, enthusiast, decades.

Ótepbergenova Bibiraba Ótepbergen qızı 1946-jılı 13-martta Túrkimenstan Respublikasi Tashawız wálayatınıń Góne Úrgenish rayonında, onsha úlken bolmasa da

orta dármiyan maxsım shańaraǵında tuwılǵan. 1953-jili Góne Úrgenish rayonı XBB ne qaraslı 1- sanlı orta mekteptıń túrkimen klasına 1-klassqa oqıwg'a bardı. Ol kishkeneliginen ádebiyatqa qattı qızıǵádı. Bul qizig'iwshiliqqa sebep bolg'an, onin' a'kesi bolip tabiladi.

Ákesi Ótepbergen onsha úlken maxsım bolmasada diniy bilimnen xabardar insan edi, al anası Jumabiyke sabırlı, basıq kóp, sóylemeytuǵın on barmaǵı ónerli hayal bolǵan.

Olar birgelikte u'lgili shan'araq bolip, 3 perzentti yag'niy 2 qiz, 1 uldi du'nyag'a keltirip, ta'rbiyalap, olardin' ha'mmesin oqitip, orta ha'm joqari mag'liwmatqa iye qilip, xaliqqa kerekli insan etip qatarg'a qosqan. Perzentlerin ha'miyshe qollap quwatlag'an. Olardin' ha'r birinin' qizig'iwshilig'i ha'm talantlarına biypariq bolmag'an. Bunday juwapkershilikli ha'm mehriyban ata-ananin' ekinshi, perzenti bolip du'nyag'a kelgen Bibiraba Ótepbergenova mektepte oqip ju'rgen waqitlarinda-aq o'z talanti, bilimi, talapshanlig'i menen qatarinan ayrilip turdi. Mektepte oqıp júrgen waqtında Bibiraba til-ádebiyatqa qızıǵıwshılıǵı júdá bálent bolıp kitapqumar bolǵanlıǵı sebepli “Alpamıs”, “Maspatsha”, “Qoblan”, “Sharyar”, “Xanshayım” “Bozuǵlan” dástanların jıraw yákı qıssaxan namalarına salıp oqıytuǵın bolǵan. Bunnan basqa da túrkimenniń “Góruǵlı” dástanınıń túrkimen variantın, jáne de túrkimen jazıwshıları Beki Seytakovtıń “Ǵız salǵıtı”, “Doǵanlar” Qıdır Deryaevtıń “Iqbal”, Berdi Kerbabaevtıń “Ayǵıtlı ádim” romanların qarasóz bolǵanlıqtan tek sóz benen oqıp tanısıp shıǵadı.

Ol balalıq waqtınan baslap ákesine qol qanat bolıp dala jumıslarına járdem beredi jáne ákesinen diniy bilim alıp quran súrelerin awızsha úyrenedi. Sóytip júrip oyınǵa da waqıt tawıp kóshesiniń ul qızları menen qasharman top, bes tas, jipten sekiriw, teppek sıyaqlı oyınlardı oynaǵan waqtında aldına adam salmaytuǵın eken. Jaslayınan maxsım hám ulama axunlardıń kóp duwasın alıp ósti, solay bolsa da minezi ór ǵaybar júdá ójet boladı hám tektekligi de basım edi. Sóytip júrip segizinshi klasqa da kelip qaldı. Usı jılı yaǵnıy 1961-jılı ákesi Ótepbergen qıltamaq awırıwına shalınıp dúnyadan kóz jumdı. Ákesi dúnyadan ótkennen keyin dala jumısları Bibirabanıń moynına túsedi.

Bibiriba Ótepbergenovanıń qosıq aytıwǵa degen qızıǵıwshılıǵı mektep dáwiriniń 10-11-klass waqtınan baslanǵan. Sol waqıtları klaslasları menen birge paxta atızında júrgende Qaraqalpaq xalıq qosıqların radio arqalı esitip hám sol waqıttaǵı qosıqshı apalar Qálbiyke Mátyakubova, Fatima Bekpolatova, Arzıgúl Atamuratova, Sulıwxan Mámbetovalardı efir arqalı tanıp ziyini ótkir bolǵanlıǵı sebepli olardıń qosıqların tez yadlap alatuǵın bolǵan. Mektepti pitkeriwge az waqıt qalǵanda mektepke Ashxabattan bir topar jurnalistler kelip kim qayaqqa tapsıratuǵını haqqında soradı. Sol waqıtta Bibiraba Ashxabat awıl xojalıq institutınıń Veterenariya bólimine tapsırıwdı qáleydi biraq tilekke qarsı úyinde anası jalǵız bolǵanlıǵı sebepli nókiste qalıwdı maqul kórdi. Xosh hawaz hám búlbúlziban dawıs iyesiniń dóretiwshilik jolı institutta oqıp júrgen waqtınan baslanadı. Sol waqıtları Bibiraba túrkimenshe “Ayna” atamasındaǵı qosıqtı aytıp pútkil oqıw ornına belgili bolǵan. Onıń qosıqshı sıpatında saxnaǵa shıǵıwına sebepshi bolǵan xalqımızdıń súyikli shayırı Tilewbergen Jumamuratovtıń 50-jıllıq yubeliy keshesi.

Ol waqıtları Instituttıń háweskerler dógereginiń baslıǵı Qudaybergen Turdıqulov, 1967-jılı Qaraqalpaqstan radio- televideniyesiniń qasınan ánsambl ashılıp, ánsambl qatnasıwshıları jámi 17 adam solardıń ishinde Bibiraba Ótepbergenova da bar. Oqıp júrip jumıs islep azanda jumısta, tústen keyin oqıwǵa barıp sol waqıttan baslap hár túrli kórik tańlawlarǵa qatnasıp júredi. Báhár ayı keliwi menen “Nókis báhari” degen festival bolatuǵın edi sol fistivalǵa ol da qatnasadı hám jeńimpaz bolıp xalıqtıń alǵısın aldı.

Sol waqıtları Bibiraba Ótepbergenovanıń dóretiwshiliginiń shıńına shıqqan waqıtları edi. Sebebi kompozitorlar dóretken derlik barlıq qosıqların úyrete baslaydı. Solardan Q. Turdıqulov naması R. Dúysemuratova sózine “Kewilińdi qıymayman”, K. Raxmanov sózine “Gúller shaqası” Ańsatbay Qayratdinov namsına Genjemurat Esemuratov sózine “Awıllaslarım”, Ómirbay Xojanov sózine “Quwanısh toylarımızda”, “Dańqıń seniń”, “Dıyxannıń qızıman”, “Taxtakópir dalası”, Keńesbay Abdullaev naması Razı Dawletaliev sózine “Doslar shaqıraman dasturxanıma”, Ǵániy Amaniyazov naması Teńelbay Sársenbaev sózine “Shox jigitler”, “Eller ishinde”, Marqabay Jiyemuratov naması Nábira Tóreshova sózine “Maqtanıshım Qaraqalpaqstanım”, Gulmurat shayır sózine “Qızları bar

biziń eldiń”, “Qaraqalpaqstanımda toyla” qosıqları bolsa, Olimjon Xalimov naması Ibirayım Yusupov sózine “Jarasar” qosıqların jáne de kompozitor Ábdiriym Sultanovtıń Bibiraba Ótepbergenovaǵa arnap dóretken jigirmaǵa shamalas qosıqların bir ózi atqarıp xalıq algısına sazawar boladı. Olardan atap aytatuǵın bolsaq: “Ey álip”, “Dugonalarım”, “Bir janan”, “Nókis gúlleri”, “Báhár kúlip qaradı maǵan”, “Xojeliniń jigitleri”, “Qurdasjan”, “Balama”, “Paxta dalasında” atamasındaǵı qosıqları bolıp onnan basqa da tematikalıq hám aytıs qosıqları kiredi. Bibiraba tek ǵana kompozitorlıq qosıqların atqarıp qoymastan qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıńda sheber atqarıwshısına aylandı. Qaraqalpaq xalıq qosıqlarınan: “Ellerim bardı”, “Xoshadás”, “Shógirme”, Qoshım palwan”, “Ilǵal”, “Jeti asırım”, “Tábriz”, “Eshbay”, “Nazlınıń”, “Igalay”, “ Muxalles”, “Oramal”, hám “Biybisánem” sıyaqlı tuwısqan xalıqlar qosıqlarınıń sózin buzbay sol xalıqtıń óz tilinde atqarıwdı maqul kóredi sebebi kóp jerlerge barǵanda hár túrli millet wákilleri bolıp sol jerdegi milletlerdiń tilinde qosıq aytsań olar quwanıp qaladı.

1967-jılı Túrkimenstan Respublikasında bolǵan mádeniyat kúnlerine qatnasıp 1968-jılı Xorezım wálayatınıń Qaraqalpaqstanda mádeniyat kúnleriniń ótiwine baylanıslı Qaraqalpaqtıń “Qırq qız” dástanındaǵı qırq qızı atqa minip olardı shegarada kútip alıwı ushın Bibiraba Gúlayim obrazında Xorezmli qonaqlardıń aldina shıqtı. Sol jılı Tájigistan Respublikasınıń mádeniyat kúnleriniń ashılıw máresiminde qaraqalpaqtıń Tárbiz namasına “Pal bolsın” qosıǵın aytıp qatnasqan. Bunnan kórinip turǵanınday Bibiraba Ótepbergenova student waqtınan baslap kóp ǵana ellerge barıp óziniń ónerin xalıqqa kórsetip tanılıp baslaǵan.

1970-jılı oqıwın tabıslı tamamlap kútilmegen sebeplerine baylanıslı qırıq jıllıq mektepke muǵallim bolıp jumısqa kiredi. Ol jerde Qaraqalpaq, rus, qazaq, ózbek klaslarına nemis tilinen sabaq berip jańa jumısın baslaǵan. Mekteptegi jumısına endi bir jıl bolǵan waqtında radio komitetke jáne aldıńgı jumısına shaqıradı solay etip Bibiraba jáne qosıqshı sıpatında jumıs basladı.“Ámiw búlbúlleri” atamasında Abadan Saparovanıń basshılıǵı menen nuranıyler konsertinde rayonlarǵa barıp ol jerde de xalqtıń alǵısına sázawar boldı.

Bibiraba Ótepbergenovanıń repertuarınan orın alǵan túrkimen qosıqlarınan: “Ayna”, “Ayrıldım”, “Boylarıńa”, “Dóneyin”, “Ǵoshtar”, “Yazlarım bar”, “Kúsh depti”, “Chalsana baǵshı” “Ǵızlar kóteriń sandıǵı”, “Leyla”, “Báhár muqamı”, “Toy valsı”, “Boylarıńa” degen qosıqlar menen bir qatarda tuwıısqan xalıqlardıń qosıqlarında sheber atqarǵan. Olardan qazaq xalqına tiyisli “Altay arıwı”, “Ádem-aw”, “Jan áke”, “Anashım”, “Sarjaylawım”, “Jastar seyli” sıyaqlı qosıqlardı da sheber atqarǵan.

Sheber atqarıwshı túrkimen, qazaq, qaraqalpaq qosıqları menen birge ózbekshe qosıqlardı da atqardı. Olardan: “Qız bola”, Ona yurtim”, “O muhabbat” atamasındaǵı qosıqları bar. Jáne de bir qansha ellerdiń mádeniyat kúnlerine qatnasadı. Solardan Túrkimenstan, Tatarıstan, Bashqurdıstan, Daǵıstan, hám Qazaqstan Respublikalarında bolıp óz ónerin kórsetti.

Xalqımızdıń júdá kóp alǵısın alǵan xosh hawaz iyesi Bibiraba Ótepbergenovanıń ómiri dawamında islegen miynetleri joqarı bahalanıp 1971- Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Soveti “Húrmet jarlıǵı”, 1977-jılı “Qaraqalpaqstan respublikaasına xızmet kórsetken artist”, 1981-jılı “Qaraqalpaqstan xalıq artist” ataqları beriledi al 2023-jılı “Mótabar ayol” hám “Doslıq” ordeni menen sıylıqlandı.

Ráwiyatlarǵa qaraǵanda “Ayna” qosıǵın aytqannan baslap Túrkimenstannıń basshısı Balsh Áwezov qızımızdı ózimizge qaytarıp beriń- dep biziń qaraqalpaqtıń basshısı yaǵınıy Qállibek Kamalovtan soraǵan, ol bul sorawdı shayırlarǵa taslaǵanda olar: usı waqıtqa shekemgi basqınshılıq etip alǵan qızlarıńız jeter, endi sizlerge qız joq” dep shayır Tilewbergen Jumamuratov juwap bergen eken.

Bul jılları Bibiraba Ótepbergenovanıń atı tek ǵana televedine hám radiodan emes al baspa sóz qurallarınan da jańrap turdı. Mısalı Socialistlik Tatarıstan”, “Sovet Qaraqalpaqstanı”, “Ámiw tańı”, “Gúlayım”, “Dagistanskaya Pravda”, “Shomanay nurı” gazetalarında, “Qaraqalpaq mádeniyatı” gazetasında, “Tórtinshi pasıl” hám “Júreklerge jol tapqan” atamasında, “Ámiw tańı” gazetasıda “Mádeniyat hám sport” gazetasında, “Qosıqshılıqtan baxtın tapqan” atamasında, “Jetkenshe” gazetasında “Qosıq gúlshanınıń

oldur búlbúli”, “Aynadan taralǵan nur” h.t.b. kóplegen jurnal hám gazetalarda miynet jolına arnalǵan basılımlar basılıp shıqtı.

Xalqımız súyǵen xosh hawaz iyesi Bibiraba Ótepbergenovanıń jaqsı atqarıwshı ekenligi sonshelli onı sol waqıttaǵı telerejessiyorlardan Keńes Isaev, Uzaqbay Jálimbetov, Maswatdin Esjanov, Bazarbay Daǵarov sıyaqlı rejesyorlar hár qanday kórsetiwlerinen qaldırmas edi. Ásirese rejesyor Tóreniyaz Qalımbetov “Qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń sheber atqarıwshısı” atamasındaǵı 3-4-dúrkin jeke konsert baǵdarlamasındaǵı qosıqların jazıp xalıqqa inam etip, kóshpeli televidenie menen de awıllarǵa barıp miynetkeshlerge konsert berip júrgen. Sol waqıttaǵı mashaqatlar endi óz aldına deydi xosh hawaz qosıqshı…..

1968-jılı 13-fevral kúni ómirlik joldası Berdibek penen turmıs qurıp bes perzenttıń ata- anası atanadı. Olardan tungısh perzenti Arıslanbek, Zulxumar, Sayara, Lalagúl, hám kenje perzenti Ruslan dúnyaǵa keltirip olardı ómirlik joldası menen birgelikte tárbiyalap hámmesin joqarı maǵlıwmatlı qılıp olardan aqlıq- shawlıq kórip ádiwli ata hám áje dárejesine jetedi. 2012-jılı Bibiraba Ótepbergenova Allanıń bes parızınıń biri bolǵan hajı saparına barıp qayttı. Bibiraba Ótepbergenovanıń jas atqarıwshılardan shákirtleri hám ıqlasbetleri bar.

Xalqımızdıń sheksiz alǵısına bólengen óziniń miyrimliligi, insanıylıq páziyletleri jáne de xosh hawazı menen xalqımızdıń júrek tórinen orın alǵan insan Bibiraba Ótepbergenovaǵa bekkem densawlıq tileymiz hám mádeniyat tarawında júrgen jaslarǵa jol- joba kórsetip aqıl- násiyatın aytıp otırıwına tileklespiz.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. –T. 2. – No. 3. – C. 270-273.

2. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern

Science and Research. – 2023. – T. 2. – No. 10. – С. 818-821.

3. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – No. 7. – С.22-24.

4. Begis P., Kamalova G. M. SÓNBES JULDIZ //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – No. 2. – С. 55-59.

5. Aysawle J., Kamalova G. M. SAHRA BÚLBÚLI ROZA QUTEKEEVA //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. –Т. 32. – No. 2. – С. 60-66.

6. Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – No. 10. – С. 880-884.

7. Segizbaeva G., Kamalova G. M. DEVELOPMENT OF THE ORCHESTRA OF MUSICAL INSTRUMENTS IN KARAKALPAKSTAN //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – No. 10. – С. 875-879.

8. Niyazbaeva A. J., Kamalova G. M. CHANQOVUZ MUSIQA ASBOBI VA UNING TURLARI //Journal of Integrated Education and Research. – 2023. – Т. 2. – No. 1. – С. 26-30.

9. Kamalova G. M. et al. QARAQALPAQTIŃ BAY MIYRASI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – No. 2. – С.52-54.

10. Kamalova G. M., Axmetovna M. A. QOBIZ HÁM JIRAWSHILIQ DÁSTÚRLERIN SAQLAW //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т. 9. – No. 1. – С. 123-126.

11. Kamalova G., Akhmetovna M. A. THE LEGACY THAT HAS COME DOWN TO US AS “JETI ASIRIM” //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т.9. – No. 1. – С. 117-122.

12. Kamalova G. M. et al. ÓZBEKSTAN XALIQ BAQSISI ǴAYRATDIN ÓTEMURATOV //TADQIQOTLAR. – 2023. – Т. 25. – No. 1. – С. 40-42.

13. Kamalova G. M. et al. ÓZBEK MUZIKASINDA BALALAR FOLKLORI //Journal of new century innovations. – 2023. – Т. 39. – No. 2. – С. 85-87.

14. Ǵaziynexan, D., & Gulmaryam, K. (2024). ÁBDIJAPPAR MÁMBETOVTIŃ PEDAGOGIKALIQ ISKERLIGI. Ustozlar uchun, 64(1),